

Lendi, 3 janvyè 2022
Pou piblikasyon imedyà



Yon Mesaj Ijan Doktè ak Enfimyè Sal Dijans ou yo Mete Ansanm pou yo Voye Ba Ou

Asosyasyon Doktè Ijans Massachusetts la (Massachusetts College of Emergency Physicians, MACEP) ak
Asosyasyon Enfimyè Ijans Massachusetts la (Massachusetts Emergency Nurses Association, MENA)

Nou akable.

Depatman Ijans ou yo pa kapab ankò.

Depatman Ijans nou yo pa gen kapasite ankò e bagay yo pral vin pi mal.
Sal datant yo ap debòde epi manke kabann pou admèt moun lopital toupatou nan Massachusetts.

Nan jou ak semèn k ap vini yo, nou pral wè plis enfimyè, doktè ak pèsònèl soutyen k ap vin enfekte e ki rete lakay yo pou yo izole epi refè. Sitiyasyon sa a pral fè sa pi difisil toujou pou Depatman Ijans ak lopital nou yo.

An nou klè, nou pa vle pou w inyore sentòm ou yo ni pou w evite swen ijan lè li nesèsè. **W ap jwenn laswenyay san danje malgre kantite deplizanpli gran pasyan ki gen COVID-19 yo.**

Men nou mande ou pou w **PA** vini nan Depatman Ijans yo pou tès woutin poutèt ou te an kontak ak COVID-19 oswa poutèt ou gen sentòm ki pa grav. Lè ou fè sa ou akable depatman nou yo ak pèsònèl la e ou detounen konsantrasyon nou de moun ki bezwen nou plis yo.

Gen anpil nan pasyan ki pi malad nou yo ki vini jwenn nou sanzatann: aksidan machin, blesi, konjesyon serebral, kriz kè, apendisit, kriz sante konpòtman. Yon manm nan fanmi ou gen dwa blese oswa vin malad; sa gen dwa rive nenpòt nan nou, a nenpòt ki moman.

Nou mande ou pou ede pwoteje filè sekirite Depatman Ijans nou an nan travay ansanm avèk nou epi nan fè pati pa w la nan redui pwopagasyon COVID-19, pi patikilyèman Omicron.

Jodi a nou mande ou pou w:

- Pran vaksen ak pran rapèl ou. Pwoteksyon kont Omicron egziye rapèl la.
- Si ou santi ou malad, izole tèt ou dapre rekòmandasyon CDC yo; fè tès pou COVID-19 **nan yon lokal tès** oswa avèk yon tès pou lakay.
- Pa vini nan Depatman Ijans yo pou tès woutin pou COVID-19 si se kontak sèlman ou te genyen oswa si sentòm ou yo pa grav.
- Pandan vag Omicron sa a, mete mask lè ou bò kot moun (menm si ou te pran vaksen) epi kenbe distans sosyal.

Nou kapab travèse kriz sa a sèlman si nou tout fè pati pa nou an. Nou tout nan menm bato a.

###